# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 नवम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस के नौ विधानसभा क्षेत्र में बीस नवम्बर के भइल उपचुनाव में भारतीय जनता पारटी आखिरी समाचार मिलले ले पांच, ओकर सहजोगी राष्ट्रीय लोकदल एक अउर समाजवादी पारटी दुइ सीटि जितले हौ। गाजियाबाद सीटि पर भाजपा क संजीव शर्मा सपा के सिंह राज जाटव के ओनहत्तर हजार तीनि सौ एक्यावन ओटि से, खैर सीटि पर भाजपा ओम्मेदवार सुरेन्दर दिलेर सपा ओम्मेदवार चारू कैन के अड़तीस हजार तीनि सौ तिरानबे अउर फूलपुर सीटि से भाजपा क दीपक पटेल सपा के मोहम्मद मुजतबा सिद्दीकी के इग्यारह हजार तीनि सौ पांच ओट से हरवलें। सीसामऊ सीटि से सपा ओम्मेदवार नसीम सोलंकी भाजपा ओम्मेदवार सुरेश अवस्थी के आठ हजार पांच सौ चौंसठ ओट से अउर करहल में सपा ओम्मेदवार तेज प्रताप सिंह भाजपा क ओम्मेदवार अनुजेश प्रताप सिंह के चउदह हजार सात सौ पचीस ओट से हरा दिहलें। मीरापुर विधानसभा सीटि से रालोद क मिथिलेश पाल, मझवां सीटि से भाजपा ओम्मेदवार सुचिश्मिता मौर्य अउर कटेहरी विधानसभा सीटि से भाजपा क धर्मराज निषाद जीति गइल हवें आखिरी समाचार मिलले ले कुंदरकियो सीटि से भाजपा ओम्मेदवार रामवीर सिंह अपने प्रतिद्वन्दी से आगे चलत रहलें।

**********

प्रदेस में भइल उपचुनाव में भाजपा एनडीए के जीति के प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क अगुआई अउर मार्गदरसन पर जनता के अटूट भरोसा क मोहरि बतवले हवें। उहां के प्रदेस के सुसासन अउर विकास बदे आपन ओट देवे वाले सज्जो ओटरन अउर जीतल ओम्मेदवारन के बधाई दिहलीं। उहां के कहलीं कि ई जीति डबल इंजन सरकार क सुरक्षा, सुसासन अउर जनकल्याणकारी नीतियन आ कार्यकरता लोगिन क मेहनति क नतीजा है।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने भिन्नहीं इग्यारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम में लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। एहके आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार वेबसाइट अउर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर प्रसारित कइल जाई।

**********

आजु प्रदेस में पुलिस झंडा दिवस मनावल गइल। अजुये के दिन्ने देस क पहिला प्रधानमंत्री पंडित जवाहरलाल नेहरू ओन्नइस सौ बावन में प्रदेस पुलिस के पुलिस कलर झंडा दिहले रहलें। डीजीपी प्रशान्त कुमार सिंह आजु लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के पुलिस कलर झंडा दिहलें। येह मौका पर एडीजी कानून व्यवस्था अभिताभ यशो मौजूद रहलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पुलिस झंडा दिवस पर प्रदेस के पुलिसकरमियन अउर उनके परिजनन के सुभकामना दिहले हवें। ओहर कुशीनगर जिला क पुलिस कप्तान संतोष कुमार मिश्र पुलिस लाइन्स में पुलिस ध्वज फहरवलें अउर डीजीपी क सनेसे पढ़ि के सुनवलें।

**********

प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही कहले हवें कि केन्द्र सरकार एक नवम्बर से एक्कइस नवम्बर ले प्रदेस के फास्फेटिक खादि क एक सौ साठि रैक भेजि चुकल हौ। एहमें तीनि लाख सोरह हजार नौ सौ चउदह मीट्रिक टन डीएपी अउर एक लाख आठ हजार चारि सौ अट्ठावन मीट्रिक टन एनपीके सामिल हौ। प्रदेस के एक सौ तेरह रैक मिलि चुकल हौ जबकि सैंतालीस रैक रस्ता में हौ। श्री शाही बतवलें कि ऊ खुद उर्वरक बिक्रय केन्द्रन क औचक निरीक्षण कइ रहल हवें।

**********

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई सिंगल गर्ल्स चाइल्ड स्कॉलरशिप योजना बदे ऑनलाइन आवेदन मंगले हौ। दुइ हजार चउबीस में सीबीएसई से दसवीं कक्षा पास करे वाली छात्रा येह योजना क लाभ उठा सकिहें। एकरे बदे आखिरी तारीख तेइस दिसम्बर हौ। सज्जो बिबरण अउर ऑनलाइन आवेदन पत्र सीबीएसई के वेबसाइट पर मौजूद हौ।

**********

बिजनौर जिला के नहटौर थान्हा इलाका में काल्हि देर राति एगो तेज रफ्तार चारपहिया गाड़ी बेकाबू हो के पेड़ से लड़ि गइल। येह हादसा में कार सवार एक्के परिवार के चारि जने क मउति हो गइल जबकि तीनि जने गम्हिराहे घाही हो गइलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूर्वानुमान जतवले हौ कि आवे वाला पांच दिन ले प्रदेस में तापमान में कउनों बढ़हन बदलाव नाही होई। विभाग के मोताबिक आवे वाला चारि दिन ले मौसम सुक्खल रहले क सम्भावना हौ। येह दौरान भिन्नहीं हल्लुक से मध्यम कुहेसा छवले क सम्भावना हौ। सत्ताइस नवम्बर के प्रदेस के तराई इलाका में अलगि–अलगि जगहिनि पर घना कुहेसा छावल रहले क चेतावनी जारी कइल गइल हौ।

**********